

## **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**

Dina ieu bab dipedar ngeunaan métode panalungtikan nu ngawengku sababaraha unsur, nya éta desain panalungtikan, sumber data panalungtikan, prosés ngumpulkeun data, jeung prosés analisis data. Sacara étimologis, kecap métode asalna tina basa Latin, *methodos* nu ngakar kana kecap *meta* jeung *hodos*. *Meta* hartina ngaliwatan, nuturkeun, atawa sanggeus, sedengkeun *hodos* hartina jalan, cara, atawa arah. Ratna (2012, kc. 34) nétélakeun yén métode téh alat pikeun ngabasajankeun masalah sangkan leuwih babari diréngsékeun jeung dipikapaham. Nurutkeun Faruk (2014, kc.55) métode panalungtikan nya éta cara nyangking pangaweruh ngeunaan hiji objék nu disaluyukeun jeung karakter objék sacara tiori. Ku kituna, métode panalungtikan boga udagan pikeun ngaguar hiji objék dumasar masalah-masalah nu kapanggih ku panalungtik kalayan napak kana tiori nu patali jeung objék panalungtikan.

Panalungtikan naskah drama “*Sanghiang Tapak*” téh panalungtikan sastra nu sifatna kualitatif. Métode nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif analisis. Ratna (2012, kc. 53) nétélakeun yén métode deskriptif analisis téh métode nu ngadéskripsiyeun fakta-fakta nu dituluykeun ku analisis. Analisis nu dilakukeun baris méré pamahaman jeung pedaran ngeunaan fakta-fakta nu kapanggih dina naskah drama “*Sanghiang Tapak*”.

Pamarekan nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta pamarekan objéktif kalayan maké tiori struktural jeung étnopédagogik. Tiori struktural dipaké pikeun ngadéskripsiyeun struktur naskah drama “*Sanghiang Tapak*”, sedengkeun tiori étnopédagogik digunakeun pikeun ngaguar sipat gapura pancawaluya (cageur, bageur, bener, pinter, singer, jeung pangger) jeung sipat tri-silas (silih asih, silih asah, silih asuh) nu nyampak dina naskah drama “*Sanghiang Tapak*”

#### **3.1 Desain Panalungtikan**


Irma Subantari, 2016

NASKAH DRAMA “*SANGHIANG TAPAK*” KARYA R. HIDAYAT SURYALAGA

Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](http://repository.upi.edu) | [perpustakaan.upi.edu](http://perpustakaan.upi.edu)

Desain panalungtikan nurutkeun Arikunto (2010, kc. 175) nya éta rarancang nu nuduhkeun gambaran utama ngeunaan hal nu baris dilakukeun. Desain panalungtikan boga tujuan pikeun ngalaksanakeun panalungtikan nepi ka nyangking hiji logika, boh dina nguji hipotésa boh dina nyieun kacindekan. Singgetna desain panalungtikan téh petra konsép atawa rarancang sangkan panalungtikan bisa ngahontal tujuanna.

Desain panalungtikan nu dipaké dina panalungtikan naskah drama “Sanghiang Tapak” karya R. Hidayat Suryalaga kalayan ulikan struktural jeung étnopédagogik, sacara gurat badag digambarkeun dina ieu bagan di handap.



### 3.2 Téhnik Panalungtikan

Téhnik panalungtikan naskah drama “Sanghiang Tapak” dipasing-pasing jadi téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik nganalisis data.

#### 3.2.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik nu dipaké pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta studi pustaka (talaah pustaka). Ieu téhnik digunakeun boh waktu ngumpulkeun data nu baris dianalisi, boh waktu néangan sumber tiori nu dijadikeun dadasar dina ieu panalungtikan.

### 3.2.2 Téhnik Nganalisis Data

Téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan dimimitian ku ngawincik data-data dina naskah drama “Sanghiang Tapak”, satuluyna masalah-masalah nu aya dipedar dina wong pedaran. Léngkah-léngkah dina ngolah data, dipedar ieu di handap.

#### 1) Déskripsi

Dina ieu panalungtikan didéskripsikeun eusi naskah drama “Sanghiang Tapak”, tuluy sakabéh data nu kakumpul dipatalikeun jeung masalah nu baris ditalungtik.

#### 2) Analisis

Data nu geus didéskripsikeun tulus dianalisis saluyu jeung masalah nu dipedar. Sanggeus eusi naskah drama “Sanghiang Tapak” didéskripsikeun, data-data nu aya tuluy dianalisis strukturna, kalayan merhatikeun unsur-unsur intrinsik nu aya dina ieu naskah drama. Analisi satuluyna diteruskeun kana analisis ajén étnopédagogik nu aya dina ieu naskah, hususna nu patali jeung sipat gapura pacawaluya sarta tri-silas.

### 3.2.3 Interprétasi Data

Sanggeus data dianalisi, satuluyna data diinterprétasi. Ieu interprétasi dipaké waktu ngagambarkeun ajén étnopédagogik nu katémbong dina naskah drama “Sanghiang Tapak”, pikeun ngahasilkeun papahaman nu luyu jeung tujuan panalungtik. Lampah satuluyna nya éta mariksa deui hasil analisis data pikeun ngamutolaah bebeneranana, nepi ka bisa méré hasil nu hadé tur bisa dipertanggungjawabkeun.

## 3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan numutkeun Arikunto (2010, kc.50) nya éta pakakas nu dipaké ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data sangkan panalungtikan leuwih taliti, lengkep, jeung sistematis. Instrumén nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta format buku jeung kartu data.

### 3.3.1 Format Buku

**Tabél 3.1**

Format Buku

<b>No</b>	<b>Judul Buku</b>	<b>Keterangan</b>		
		<b>Sastr</b>	<b>Budaya</b>	<b>Basa</b>

### 3.3.2 Kartu Data Panalungtikan Struktural

**Tabél 3.2**  
Kartu Data Struktural

Kartu 1	Kartu 2	Kartu 3	
Palaku : Peran : Karakter :	Motif : Konflik : Kajadian :	Alur : Latar : Ruang :	
Kartu 4		Kartu 5	
Gaya Basa :		Téma : Amanat :	

### 3.3.3 Kartu Data Panalungtikan Étnopédagogik

**Tabél 3.3**  
Kartu Data Étnopédagogik

Gapura Pancawaluya	Tri-Silas
Sipat..... Adegan ka- : Dialog ka-/narasi ka- : Eusi data :	Silih.... Adegan ka- : Dialog ka-/narasi ka- : Eusi data :

### 3.4 Sumber Data Panalungtikan

Arikunto (2010, kc. 172) nétélakeun, sumber data panalungtikan nya éta subjék data-data panalungtikan nu dicangking ku panalungtik. Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta sakabéh data nu aya dina naskah drama “Sanghiang Tapak” karya R. Hidayat Suryalaga nu ngawengku strukturna kayaning palaku, peran jeung karakter; motif, konflik, kajadian, jeung alur; latar jeung *ruang*; gaya basa; sarta téma jeung amanat. Ieu panalungtikan ogé museur kana étnopédagogik kasundaan, nu ngawengku sipat gapura pancawaluya jeung Tri-Silas.

